ISSN 2181-3187

# QARAQALPAQSTANDA QORSHAǴAN ORTALIQ HÁM INSAN SALAMATLIǴI MÁSELELERI

***70111101-Social-gumanitar pánlerdi***

***oqıtıw metodikası 2-kurs magistrantı Nzamatdinov Nursultan***

***Annotaciya:***

*Bul maqalada Qaraqalpaqstan Respublikasında ekologiyalıq faktorlardıń insan salamatlıǵına tásiri talıqlanǵan. Aralboyı regionında atmosfera hawası, ishimlik suwı hám topıraqtıń pataslanıwı xalıq arasında túrli sozılmalı keselliklerdiń kóbeyiwine sebep bolıp atırǵanı ilimiy dárekler tiykarında jarıtılǵan. Sonday-aq, ekologiyalıq qáwipsizlikti támiyinlewde mámleketlik siyasat, xalıqaralıq birge islesiw hám ekologiyalıq mádeniyattı rawajlandırıwdıń áhmiyeti tiykarlap berilgen.*

***Kalit sózler:***

*Qaraqalpaqstan, Aralboyı, ekologiyalıq faktorlar, qorshaǵan ortalıqtıń pataslanıwı, insan salamatlıǵı, ekologiyalıq qáwipsizlik, ekologiyalıq mádeniyat.*

Qorshaǵan ortalıqtıń pataslanıwı insan organizminiń beyimlesiw qábiletin tómenletedi, immun sistemasın hálsiretedi hám sozılmalı keselliklerdiń kelip shıǵıwı ushın tiykar jaratadı. Ásirese, ekologiyalıq qáwip joqarı bolǵan aymaqlarda bul tásir jáne de keskin kórinedi. Jáhán densawlıqtı saqlaw shólkemi (JDSSH) ekspertleriniń 2018-jılǵı esabatında Aralboyı aymaǵı, sonıń ishinde Qaraqalpaqstan Respublikası «ekologiyalıq qáwip dárejesi joqarı bolǵan regionlar» qatarına kirgizilgen. Esabatta atap ótiliwinshe, hawa, suw hám topıraq pataslanıwınıń joqarı dárejesi xalıqtıń salamatlıǵına kompleksli hám uzaq múddetli unamsız tásir kórsetpekte.

ISSN 2181-3187

Atmosfera hawasınıń pataslanıwı keselliklerdiń háwij alıwına tiykar boladı. Qaraqalpaqstan Respublikasında hawanıń pataslanıwınıń tiykarǵı dáreklerinen biri qurıǵan Aral teńizi ultanınan kóterilip atırǵan duzlı shań hám záhárli aerozollar bolıp tabıladı. Ilimiy izertlewlerge bola, bul shań quramında pesticidler, awır metallar hám mineral duzlar bar bolıp, olar dem alıw jolları arqalı insan organizmine kirip, sozılmalı keselliklerdi keltirip shıǵaradı.

JDSSH hám jergilikli medicinalıq statistika maǵlıwmatları Qaraqalpaqstanda bronxial astma, sozılmalı bronxit, allergiyalıq kesellikler hám de júrek-qan tamır sisteması kesellikleri kórsetkishleri joqarı ekenligin tastıyıqlaydı. Bul jaǵday ekologiyalıq faktorlardıń xalıq salamatlıǵına tikkeley tásirin kórsetedi.

Ekologiyalıq faktorlar arasında xalıqtıń salamatlıǵına eń úlken tásir kórsetiwshi faktorlardan biri - sapalı ishimlik suwı menen támiyinleniw máselesi bolıp tabıladı. Qaraqalpaqstan Respublikasında jer ústi hám jer astı suwlarınıń minerallasıw dárejesi joqarı bolıp, ayırım aymaqlarda ishimlik suwı sanitariyalıq talaplarǵa juwap bermeydi. Qaraqalpaqstanda xalıq salamatlıǵınıń jamanlasıwı «qorshaǵan ortalıqtıń pataslanıwı, azıq-awqat qáwipsizligi hám medicinalıq infrastrukturanıń jeterli emesligi menen tikkeley baylanıslı» (1). Sapalı suw jetispewshiligi nátiyjesinde asqazan-ishek kesellikleri, balalar arasında kemqanlıq hám immunitettiń tómenlewi keń tarqalǵan.

Aral teńiziniń qurıwı hám suw resursları menen baylanıslı krizis Aralboyı aymaǵın awır ekologiyalıq hám sociallıq qáwip-qáterler menen betpe-bet qoydı. Máselen, 1990-jıllardan beri suw tasqını hám óndiris qaldıqları aqıbetinde Aralboyı aymaǵı mikroorganizmler, duz hám ximiyalıq zatlar menen pataslanǵan. Bul ekologiyalıq krizis xalıqtıń salamatlıǵına sezilerli tásir kórsetti: asqazan-ishek kesellikleri, dem alıw jolları kesellikleri hám teri infekciyaları kóbeydi.

Qaraqalpaqstan Respublikasında ekologiyalıq faktorlar insan salamatlıǵına kompleksli, uzaq múddetli hám sistemalı tásir kórsetpekte. Bul jaǵday ekologiyalıq siyasat, densawlıqtı saqlaw sisteması hám huqıqıy mexanizmlerdi óz-ara úylestirgen halda jetilistiriwdi talap etedi. Mámleket basshılıǵı tárepinen ámelge asırılıp atırǵan ilajlar belgili dárejede unamlı nátiyjeler bermekte, bıraq ekologiyalıq qáwip dárejesin

ISSN 2181-3187

túp-tiykarınan azaytıw ushın xalıqaralıq birge islesiwdi hám ilimiy jantasıwlardı jáne de kúsheytiw zárúr.

Ekonomist ilimpaz J. Stiglictiń pikirinshe, «ekologiyalıq investiciyalar uzaq múddetli sociallıq abadanlıqtıń tiykargı faktorlarınan biri bolıp esaplanadı».

Qaraqalpaqstan Respublikasındağı ekologiyalıq jağday, ásirese Aralboyı aymağında qáliplesken ekologiyalıq krizis, bul aymaqtı xalıqaralıq jámiyettiń dıqqatındağı áhmiyetli obyektlerden birine aylandırdı. Xalıqaralıq shólkemler, járdem beriwshi mámleketler hám mámleketlik emes ekologiyalıq qurılımlar tárepinen Qaraqalpaqstanda ámelge asırılıp atırgan joybar hám bağdarlamalar usı aymaqtağı ekologiyalıq qáwipsizlikti támiyinlew, xalıqtıń salamatlığın qorǵaw hám turaqlı rawajlanıwğa erisiwge qaratılgan. Bul bolsa Qaraqalpaqstan ekologiyalıq máseleleriniń tek jergilikli emes, al xalıqaralıq áhmiyetke iye ekenin jáne bir márte tastıyıqlaydı.

BMSHnıń Klimat ózgeriwi haqqındağı konvenciyası, Shólleniwge qarsı gúresiw konvenciyası hám Orxus konvenciyası sıyaqlı xalıqaralıq hújjetler Qaraqalpaqstan máplerine tikkeley baylanıslı bolıp, ekologiyalıq mağlıwmatqa kiriw, jámiyetshiliktiń qatnasın támiyinlew hám insan salamatlığın qorǵawdıń huqıqıy tiykarların belgilep beredi. Qaraqalpaqstan Respublikasındağı ekologiyalıq salamatlıq máseleleri xalıqaralıq qatnasıqlar sistemasında áhmiyetli orın iyelep, mámleketleraralıq birge islesiw, xalıqaralıq huqıq normaları hám milliy nızamshılıq arasındağı úylesimlikti talap etedi. Bul bağdardağı birge islesiwdi jáne de tereńlestiriw, xalıqaralıq mexanizmlerden nátiyjeli paydalanıw hám jergilikli ekologiyalıq máplerdi mámleket sırtqı siyasatınıń tiykargı bağdarlarınan biri sıpatında belgilew keleshekte Qaraqalpaqstan Respublikasında ekologiyalıq qáwipsizlikti hám insan salamatlığın támiyinlewdiń áhmiyetli kepili bolıp xızmet etedi.

Ekologiyalıq mádeniyat insan salamatlığın qorǵawdıń áhmiyetli jámiyetlik mexanizmi esaplanadı. Ekologiyalıq mádeniyatı qáliplesken shaxs qorshağan ortalıqqa abaylap qatnas jasaydı, salamat turmıs tárizine ámel etedi hám ekologiyalıq qáwiplerdi azaytıwğa umtılıp jasaydı. Ózbekstanlı alım SH.S.Rahimov atap ótedi: «ekologiyalıq

mádeniyat xalıqtıń salamatlıǵın saqlawda profilaktikalıq faktor sıpatında xızmet etedi». Bul, ásirese, jaslar tárbiyasında úlken áhmiyetke iye.

Ekologiyalıq ortalıq insannıń tek fizikalıq emes, al ruwxıy salamatlıǵına da tásir kórsetedi. Qaraqalpaqstanda ekologiyalıq mashqalalar nátiyjesinde xalıqta ekologiyalıq stress, táshwish hám keleshekke isenimsizlik jaǵdayları baqlanbaqta.

Alım D.A. Ismoilovtıń pikirinshe, «ekologiyalıq belgisizlik insanda ruwxıy túskinlik hám jámiyetlik passivlikti keltirip shıǵaradı». Jaslar arasında bul jaǵday bilim alıwǵa bolǵan qızıǵıwshılıqtıń páseyiwine hám jámiyetlik belsendiliktiń tómenlewine alıp keliwi múmkin. Sonlıqtan ekologiyalıq mádeniyat tek ǵana fizikalıq salamatlıq emes, al ruwxıy turaqlılıqtı támiyinlewde de áhmiyetli orın iyeleydi.

Ózbekstan Respublikasında ekologiyalıq qáwipli aymaqlarda xalıqtıń salamatlıǵın qorǵaw mámleketlik siyasattıń tiykarǵı baǵdarlarınan biri bolıp esaplanadı. Prezident SH.M. Mirziyoev atap ótkenindey: «Aralboyında jasawshı xalıqtıń salamatlıǵı - mámleketimiz ushın ayrıqsha itibar talap etiletuǵın másele».

Qaraqalpaqstanda salamat ekologiyalıq ortalıqtı qáliplestiriw boyınsha qabıl etilgen baǵdarlamalar jaslardıń salamatlıǵın qorǵawǵa da qaratılǵan. Bul baǵdarlamalarda ekologiyalıq mádeniyattı arttırıw arqalı keselliklerdiń aldın alıw áhmiyetli wazıypa sıpatında belgilengen. Ekologiyalıq salamatlıq máseleleri xalıqaralıq qatnasıqlardıń obyektine aylanǵan bolıp, Qaraqalpaqstan Respublikasınıń ekologiyalıq mápleri Ózbekstan arqalı xalıqaralıq shártnamalar hám birge islesiw sheńberinde esapqa alınadı.(4).

Juwmaqlap aytqanda, insan salamatlıǵı hám ekologiyalıq faktorlar arasında tereń hám úzliksiz baylanıs bar. Qaraqalpaqstan jaǵdayında ekologiyalıq mashqalalar xalıqtıń, ásirese jaslardıń salamatlıǵına ayrıqsha tásir etpekte. Sonlıqtan ekologiyalıq mádeniyattı qáliplestiriw salamat áwladtı tárbiyalawdıń áhmiyetli shárti esaplanadı. Jaslarda ekologiyalıq sana-sezim hám juwapkershilikti arttırıw arqalı tek ǵana qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw emes, al fizikalıq hám ruwxıy salamat jámiyetti qáliplestiriw múmkin.

ISSN 2181-3187

1. Юлдашев Д.Ю. **Экология ва аҳоли саломатлиги**. – Т.: Адолат, 2015.

2. Ўзбекистон Республикаси Президентининг Оролбўйи минтақасини ижтимоий-иқтисодий ривожлантиришга оид қарорлари тўплами.Т.2020.

3. Мирзиёев Ш.М. *Янги Ўзбекистон стратегияси*. — Т.: Ўзбекистон, 2021

4. Yuldasheva, Z. I., Raxmatullayeva, M. I., & Tadjiboyeva, N. A. (2023). *Ekologiya va salomatlik*